दिन–सोमवार दिनांक–19.01.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

अखन भेटल जनतबक अनुसार नितिन नबीन भारतीय जनता पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष पद लेल निर्विरोध चुनि लेल जयताह। नामांकन काल पार्टीक मुख्यालय मे रक्षामंत्री राजनाथ सिंह, गृहमंत्री अमित शाह, केन्द्रीय मंत्री जे.पी. नड्डा आओर नितिन गडगड़ीक सहित कतेको पैघ–पैघ नेता सभ छलाह।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ समृद्धि यात्राक बिच सीतामढ़ी आओर शिवहर जिला मे तीन सय तिरसठि करोड़ टाकाक लागति सँ उनहत्तरि योजनाक शिलान्यास आओर दु सय पचास करोड़ टाका सँ बेसीक लागति सँ एक सय एक योजनाक उद्घाटन सेहो कयलनि। एहि बिच ओ जीविका दीदी दिस सँ लगाओल गेल स्टॉल जा कऽ देखलनि। मुख्यमंत्री सात निश्चय दू आओर तीन मे जिला मे चलि रहल कतेको योजनाक समीक्षा कयलनि। एहि मौाक पर सभा के सम्बोधित करैत मुख्यमंत्री जनौलनि जे हुनक सरकार प्रदेशक विकास लेल सदिखन काज कऽ रहल अछि। ओ जनौलनि जे सरकार युवा सभ के सरकारी नौकरी देबाक लेल पैघ स्तर पर मुहिम चला रहल अछि।

---

प्रदेशक सभ सरकारी कार्यालय मे आइ सँ जन सुनवाई शुरू भऽ गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक जनतब पर सात निश्चय तीन मे–**सबका सम्मान जीवन आसान** लक्ष्य के लऽकऽ हरेक सोम आओर शुक्र दिन कऽ ग्राम पंचायत, थाना, अंचल, प्रखंड, अनुमंडल, जिला, प्रमंडल आओर राज्य सचिवालय मे लोक सभ पदाधिकारी सभ सँ हुनक कार्य स्थल या कार्यालय मे भेट कऽ अपन–अपन समस्या जना सकताह। एम्हर, मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत जनौलनि जे जनसुनवाईक बिच लोक सभ सँ भेटल शिकायतक निबटारा कयल जायत आओर शिकायत पर कि कि कार्रवाई भेल एकर निगरानी कयल जायत।

——————————————————————————————

केन्द्रीय कृषि आओर किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान कांग्रेस पार्टी पर विकसित भारत जी राम जी अधिनियम के लऽकऽ देशक जनता के गुमराह करबाक आरोप लगौलनि अछि। नव दिल्ली मे श्री चौहान जनौलनि जे मनरेगा मे कांग्रेस द्वारा देल गेल अधिकार कागज धरि सिमित छल। ओ जनौलनि जे कांग्रेस अपन विचार, विचारधारा आओर आदर्श के छोड़ि देलक अछि आओर देशक विकास या गरीबक कल्याण सँ हुनका कोनो लेना–देना नहि अछि। केन्द्रीय मंत्री जनौलनि जे ई अधिनियम पूरा देश मे लागू होयत। श्री चौहान जनौलनि जे विकसित भारत जी राज जी अधिनियम मे सभ ग्रामीण परिवार के कम सँ कम एक सय पचीस दिनक मजदूरी रोजगार देल गेल अछि। एहि सँ पहिने मनरेगा मे सय दिनक रोजगार भेटैत छल।

——————————————————————————————

पटनाक शम्भू हॉस्टल मे नीटक तैयारी कऽ रहल छात्राक मृत्युक मामिला मे आओर राज्य मानवाधिकार आयोग मे दू फराक–फराक याचिका दायर कयल गेल अछि। दोसर दिस, कांग्रेस पार्टी पटना मे विरोध प्रदर्शन कऽ सरकार सँ शीघ्रहि कार्रवाई करबाक मांग कयलक अछि। प्रदर्शन मे कांग्रेसक वरिष्ठ नेता कृष्णा अल्लावरू आओर राजेश राम सेहो छलाह।

——————————————————————————————

प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे अधिकतम आओर न्यूनतम तापमान बढि रहल अछि। जाहि सँ ठंढ़ा कमल अछि। एम्हर, पछिया हवाक असरि सँ भोर आओर सांझ काल कनकनी लगैत अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला तीन दिन धरि मौसम मे कोनो खास बदलि नहि होयत। ओतहि, राज्यक उत्तर–पूर्वी आओर उत्तर–मध्य क्षेत्रक कतेको जिला मे भोर काल घनगर कुहेस छाओल रहि सकैत अछि। पछिला चौबीस घंटाक बिच छओ दशमलव दू डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग भागलपुरक सबौर राज्यक सभ सँ बेसी ठंढा स्थान रहल।

——————————————————————————————

सुपौल जिला मे पैंतालीसम एस.एस.बी. वीरपुर द्वारा केन्द्रीय विद्यलाय मे वंदे मातरमक एक सय पचासम स्मृति दिवस समारोहक आयोजन कयल गेल। एहि मौका पर अधिकारी आओर जवान सभ द्वारा राष्ट्रीय गीत वंदे मातरमक सामूहिक गायन कयल गेल।

————————————————————————

कटिहार जिलाक फलका प्रखंडक सोहथा उत्तरी पंचायतक पटवर टोल मे खेनाय बनेबा काल आठ सँ बेसी घर मे आगि लागि गेल जाहि सँ दस लाख टाका नगत सहित तीस सँ पैंतीस लाख टाकाक संपत्ति जरि गेल। ओतहि, आगि बूझेबा काल एक महिला सेहो झरकि गेलीह।

————————————————————————

सहरसा जिलाक वनगांव थाना क्षेत्र मे लोकसभ तस्करी लेल लऽ जाओल जा रहल एक पीकअप वाहन सँ तीन गाय आओर एक बछड़ा के बरामद कयलक अछि। पुलिस पीकअप वाहन के जब्त कऽ प्राथमिकी दर्ज कयलक अछि।

————————————————————————

भाजपा दिस सँ सहरसा जिलाक सिटानाबाद दक्षिणी पंचायतक महादलित टोल मे विकसित भारत जी राम जी योजना के लऽकऽ कार्यशालाक आयोजन कयल गेल। एहि मे मजदूर सभ के एक सय पचीस दिनक रोजगारक गारंटी, सप्ताहिक भोगतान, कृषि काज लेल मजदूर भेटबाक गारंटी देल गेल।

————————————————————————

पश्चिम चंपारण जिलाक खरपोखरा स्टेशन पर पाटलिपुत्र इंटरसिटी एक्सप्रेस ट्रेन रूकत। जाहि सँ क्षेत्रक लोक सभ मे बेसी खुशीक लहरि अछि। लोक सभ एहि लेल केन्द्रीय राज्य मंत्री सतीश चन्द्र दूबे आओर बगहा विधायक राम सिंहक प्रति आभार जतौलनि अछि।

————————————————————————

समाप्त भेल